# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–22 जून 2024** **भोजपुरी समाचार**

राष्ट्रीय परीक्षण एजेंसी–एन.टी.ए. के जरिये पारदरसी तरीका से परीक्षा करवावे बदे केन्द्रीय शिक्षा मंत्रालय सात सदस्यन क एगो उच्चस्तरीय समिति गठित कइले हौ। ई समिति परीक्षा प्रक्रिया में सुधार, डेटा सुरक्षा, प्रोटोकॉल में सुधार अउर राष्ट्रीय परीक्षण एजेंसी क संरचना आ कार्यप्रणाली से जुड़ल मुद्दन पर कार करी। आईआईटी कानपुर में बीओजी अध्यक्ष अउर इसरो क पूर्व अध्यक्ष डॉक्टर के. राधाकृष्णन के येह समिति क अध्यक्ष बनावल गइल हौ। सिक्षा मंत्रालय में संयुक्त सचिव गोविंद जायसवाल एकर सदस्य/सचिव होइहें। एम्स दिल्ली क पूर्व निदेसक डॉक्टर रणदीप गुलेरिया, केन्द्रीय विश्वविद्यालय हैदराबाद क कुलपति प्रोफेसर बी.जे. राव, आईआईटी मद्रास क डिपार्टमेंट ऑफ सिविल इंजीनियरिंग क प्रोफेसर राममूर्ति के, आईआईटी दिल्ली क डीन–स्टूडेंट अफेयर्स प्रोफेसर आदित्य मित्तल अउर पिपुल स्ट्रांग क सह–संस्थापक आ कर्मयोगी भारत क बोर्ड सदस्य पंकज बंसल येह समिति क सदस्य होइहें। दुइ महिन्ना के भित्तर समिति क रिपोर्ट देवे के कहल गइल हौ।

येह बिच्चे येह सालि क संयुक्त सी.एस.आई आर–यू जी सी–नेट परीक्षा अपरिहार्य वजह से स्थगित कइ दिहल गइल हौ। ई परीक्षा मंगर से बियफे के बिच्चे होखे के रहे। राष्ट्रीय परीक्षा एजेंसी कहले हौ कि एकर संसोधित कार्यक्रम आधिकारिक वेबसाइट के जरिया से बाद में घोसित कइल जाई। एन.टी.ए. कहले हौ कि कउनों सवाल चाहे स्पस्टीकरण बदे एन.टी.ए. हेल्प डेस्क क नम्बर 01 1 4 0 7 5 9 0 0 0 अउर 0 1 1 6 9 2 2 7 7 0 0 पर कॉल कइल जा सकेला। सी.एस.आई.आर–नेट एट दी रेट ऑफ एन.टी.ए. डॉट एसी डॉट इन पर मेल के जरियो से जनकारी लिहल जा सके ला।

**********

फिरोजाबाद में अभिरक्षा में बंदी क मउति के मामिला में मजिस्ट्रेटी जांचि करावल जाई। ओहां क एसपी सिटी सर्वेश कुमार मिश्र बतवलें कि बंदी क मउति के बाद कानून व्यवस्था बिगाड़े वाले अराजक तत्वन के खिलाफो कार्रवाई होई। येह बिच्चे अट्ठाइस सालि क बंदी आकाश क सव के परिजन अन्तिम संस्कार कइ दिहलें। परिजनन के पांच लाख रूपिया क चेक प्रसासन दिहले हौ। ओहर, बसपा प्रमुख मायावतियो एगो सोसल मीडिया पोस्ट में दलित नौजवान आकाश क अभिरक्षा में भइल मउति के मामिला में जिम्मेदार पुलिसकरमियन पर कार्रवाई क मांगि कइले हइनि।

**********

भगवान रामलला क प्राण प्रतिस्ठा करवावे वाले मुख्य पुरोहित आचार्य लक्ष्मीकांत दीक्षित क आजु बनारस में सरगबास हो गइल। उहां के चौरासी बरिस क रहलीं अउर गम्भीर तौर से बेमार रहलीं। उनकर अन्तिम संस्कार बनारस के मणिकर्णिका घाट पर कइल गइल। मुरादाबाद जिला में जनमल स्वर्गीय दीक्षित बनारस के सांगवेद महाविद्यालय क वरिस्ठ आचार्य रहलें। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ अउर विश्व हिन्दू परिषद उनके सरगबास पर गहरा सोक जतवले हवें। प्रधानमंत्री सोसल मीडिया पर अपने सोक सनेसा में कहलें कि दीक्षित जी काशी क विद्वत्त परम्परा क युग पुरूस रहलें। उनकर सरगबास अपूरणीय क्षति हौ। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ अपने सनेसा में कहले हवें कि संस्कृत भासा अउर भारतीय संस्कृति क सेवा बदे उहां के हमेसा यादि कइल जइहें। उनकर सरगबास अध्यात्म अउर साहित्य जगत क अपूरणीय क्षति हौ। विश्व हिन्दू परिषद क मीडिया प्रभारी शरद शर्मा उनके सरगबास पर सोक जतावत एके राष्ट्रीय क्षति बतवलें।

**********

एक जुलाई से लागू हो रहल नया आपराधिक कानूनन के बारे में गृह मंत्रालय पुरहर परचार–प्रसार कइ रहल हौ। एकरे जरिया से बतावल गइल हौ कि भारतीय नागरिक सुरक्षा संहिता–दुइ हजार तेइस के मोताबिक दस बरिस आ ओहसे बेसी चाहे उम्र कैद चाहे मउति क सजा वाला अपराधन में कानूनी कार्रवई से फरार कउनों मनई के घोसित अपराधी कहल जाई। अइसन अपराधियन बदे देस के बहरे उनकर सम्पत्ति क पहिचान, कुर्की अउर जब्ती क एगो नया प्रावधान जोड़ल गइल हौ। अइसन अपराधियन के गैर मौजूदगियो मोकदिका क सुनवाई सुरू कइल जा सकी जेहसे पीड़ित अउर समाज के न्याय बदे इंतिजार नाहीं करे के होई।

**********

मिशन अमृत सरोवर क विकास कार में उत्तर प्रदेस अस्सी फीसदी लक्ष्य पूरा कइ के देस में पहिला जगहि पवले हौ। अमृत सरोवर विकास रिपोर्ट के मोताबिक गाजियाबाद सबसे उप्पर हौ। गोरखपुर जिला चउथा जगहि हासिल कइ के टॉप फाइफ में सामिल हौ। महराजगंज जिला दुसरा, बांदा तिसरा अउर नोएडा पचवां पायदान पर हौ। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ प्रदेस के ओह जिलन के चेतवले हवें जहवां एकर प्रगति धीरे हौ। येह योजना के जरिया से बरखा क पानी क सुरक्षित अउर सुद्ध संचयन पर जोर हौ।

**********